



Pou Piblikasyon Imedya: 30/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI KAVÈNDEVAN, KI TE KOUTE 7 MILYON DOLA, K AP OUVRI TOUT ANE AN NAN PAK ETA NIAGARA FALLS

Kavèndèvan se yon Atraksyon Anvan-Espektak k ap Pwolonje Sezon Touris lan

Nouvo Etablisman an ap Prezante yon Pwogram Entè-aktif, ki fè pati Transfòmasyon 70 Milyon Dola Pak la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti nouvo Kavèndèvan (Cave of the Winds) nan Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park), yon pwojè ki te koute 7 milyon dola. Etablisman entè-aktif la, ki mete akan sou istwa natirèl ak kiltirèl Niagara Falls, se pral yon nouvo atraksyon pandan tou ane an nan pak la, e l ap ede pwolonje sezon touristik la. Pwojè enpòtan sa a osant revitalizasyon Pak Eta Niagara Falls Gouvènè Cuomo te antreprann pou 70 milyon nan.

“Nouvèl esperyans wo nivo Kavèndèvan an nan menm lanse ak lòt investisman nou te fè pou Niagara Falls tounen yon destinasyon touristik mondyal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou fè renovasyon nan Pak Eta Niagara Falls e ajoute otèl nan Niagara Scenic Parkway, sa ki montre angajman nou anvwè kominote an: n ap ankadre tourism, kreye djòb, e kore aktivite ekonomik atravè tout rejyon an.”

“Pak Eta Niagara Falls klase pami pi gwo atraksyon touristik nan lemond, e li se youn nan trezò ekonomik ki pi enpòtan nan Rejyon Lwès New York”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te patisipe nan inogirasyon an jodi a, te di.** “Renovasyon Kavèndèvan an pral pèmèt moun vini pandan tout ane an, epi l ap ajoute yon nouvo dimansyon nan plezi piblik la ak konpreyansyon li genyen de youn nan pi bèl mèchè natirèl sou planèt lan. Gouvènè Cuomo te fè Niagara Falls tounen youn nan priyorite li, e revitalizasyon youn nan pak leta ki pi ansyen nan peyi an se yon lòt egzanp devouman ekstròdinè li anvwè rejyon nou an.”

Pandan yon seremoni jodi a, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te akeyi kominote an ak lidè li yo pou selebre e devwale atraksyon anvan-espektak la, ki te posib gras a inisyativ NY Parks 2020 Gouvènè an.

Atraksyon anvan-espektak Kavèndèvan an, se twa nouvo espas enteryè ki mennen sou teras an bwa wouj ki popilè nan lemond antye. Pwojè an ranplase yon konplèks demode ansanm ak ansyen Biwo Lapolis Pak Eta New York la, epi li pral ede elimine

tan datant ki long, gras a yon distribisyon biyè ki kwonometre, yon sistèm yo itilize nan pak atranksyon atravè lemond.

Vant tikè ki kwonometre an pral pèmèt kliyan yo planifye kilè yo pi pito vin vizite. Kliyan yo va nan gwoup ki gen 70 moun, ki deplase chak uit minit, pou fè twa nouvell eksperyans. “Trase Arebò” (“Drawn to the Edge”) prezante yon ekspozisyon entè-aktif e vityèl ki rakonte poukisa vizitè yo ak inovatè yo te rive nan Niagara Falls, ansanm avèk yon egzibisyon sou fason bote ak pouvwa ko-abite. Nan espas “Lemond te Chanje Isit la” (“World Changed Here”), yon fim teyatral ak yon teyat objè prezante bay telespektatè yo senten moun tankou vizyonè de renome, paregzanp peyizajis Fredrick Law Olmsted ak envantè Nikola Tesla, e ki jan travay yo nan Niagara Falls te afekte lemond antye.

Finalman, vizitè yo pral “Prepare pou pouvwa” (“Prepare for Power”) lè yo resevwa yon pè sapat souvni anvan yo desann 175 pye nan Niagara Gorge pou rive sou teras Kavèndèvan an ak Hurricane Deck. Lè teras yo fèmen pou sezon an, espas sa a tounen yon sal a plizyè fonksyon, kote yon videyo sou yon miray pral montre vizitè yo kisa Chit yo sanble pandan tout sezon yo. An total, eksperyans anvan-espektak la pral prezante vizitè yo istwa konplè Niagara Falls an 24 minit, sa ki pral amelyore vizit yo epi ankouraje yon rete pi lontan.

Ane pase, Pak Eta yo (State Parks) te konplete yon pwojè 5.6 milyon dola pou renouvle Pedestrian Plaza Kavèndèvan ak Stedman’s Buff. Yo renove Pedestrian Plaza Kavèndèvan an avèk espas pou manje ak konsesyon. Yo renove Stedman’s Bluff, ki anlè Bridal ak American Falls, avèk nouvo pave, nouvo balistrad, e yon nouvo kay pou estati envantè Nikola Tesla, ki te konsevwa premye izin kouran altènatif idwoelektrik nan Niagara Falls nan lane 1895.

Komisyonè Park Eta yo, Rose Harvey te di, “Pa gen okenn lòt eksperyans nan mond lan tankou Kavèndèvan. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou investisman li fè nan Pak Eta Niagara Falls, ki ede vizitè yo pi byen jwi vizit yo nan Niagara Falls e ki ankadre ekonomi touristik rejyon an.”

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY te deklare, “DASNY fyè tèt ansanm avèk Biwo Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik Eta a, pou amelyore eksperyans remakab moun fè lè yo vizite Pak Eta Niagara Falls. Renovasyon sa yo pwal kore ekonomi Rejyon Lwès New York la e bay vizitè yo frison pou jenerasyon k ap vini yo.”

Senatè Robert Ortt te deklare, “Ouvèti Paviyon Kavèndèvan se yon fason apwopriye pou selebre istwa rich Niagara Falls. N ap atire plis touris k ap vin vizite pandan tout ane a, sa ki fè Paviyon an pral pote revni touristik ki nesèsè anpil pou Niagara Falls. Nou dwe kontinye mete priyorite sou revitalizasyon Niagara Falls pandan n ap ede trezò mondyal sa a atenn tout potansyèl li.”

Manm Asanble Angelo J. Morinello te deklare, “Paviyon Kavèndèvan an se yon pyès metrès siblim ak yon atraksyon pou vizitè Niagara Falls, pou yo aprann sou kilti ak istwa zòn nou an. Investisman sa a Gouvènè Cuomo fè a montre yon fwa ankò angajman eta a pran pou edike touris sou mèvyè natirèl nou gen chans pou posede nan lakou

lakay nou. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo, Govènè Adjwen Hochul ak Komisyonè Harvey poutèt yo te envite m patisipe nan inogirasyon pwojè sa a.”

Paul Dyster, ki se Majistra Vil Niagara Falls te deklare, “Nou kontan po n akeyi nouvo etablisman entè-aktif sa a ki pral klere limyè sou istwa Niagara Falls. Gras a dènye investisman andat Gouvènè Cuomo a, Paviyon Kavèndèvan an pral bay plizyè milyon vizitè yon pèspektiv nouvo sou yon mond mèveye, pou jenerasyon k ap vini yo.”

John Percy, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Destination Niagara USA te deklare, “Ofiyamezi destinasyon nou an kontinye devlope, nou kontinye rekonèt bezwen pou atraksyon ki fèt tout ane an e ki ranfòse kapasite nou genyen pou atire vizitè nan Niagara Falls USA pandan tout ane an. ‘Paviyon Kavèndèvan an’ non sèlman satisfè bezwen sa a, li depase tout atant. Nou kontan vizitè ak rezidan yo ap kapab jwenn atraksyon enteresan e entè-aktif pandan tout ane an, ki non sèlman edike yo, men fè sa yon fason ki bay plezi e ki amizan.”

Pwojè Kavèndèvan an fè pati revitalizasyon 70 milyon dola Pak Eta Niagara Falls. Plan revitalizasyon Pak Eta Niagara Falls se yon angajman sou plizyè ane pou transfòme pak leta ki pi ansyen nan eta a, e ki pi byen reflekte vizyon Frederick Law Olmsted, moun selèb ki te konsevwa pak la, te genyen pou peyizaj li. Plan an renove pi gwo zòn obsèvasyon pak la tankou Luna Island, Prospect Point, Lower Grove, Three Sisters Islands, North Shoreline Trail, Luna Bridge, ak Terrapin Point, gras a nouvo pasaj pyeton, pi bèl jaden, ak nouvo ban, lanpadè ak balistrad. Nan kad pwogram NY Parks 2020 Gouvènè Andrew M. Cuomo an, eta a pran yon angajman sou plizyè ane pou tire pwofi de finansman prive e piblik 900 milyon dola pou Pak Eta yo de 2011 a 2020. Bidjè Egzekitif pou lane 2016-17 Gouvènè a repati 120 milyon dola nan inisyativ sa a.

Pak Eta Niagara Falls se yon trezò pou eta a e pou nasyon an. Kreye an 1885, li se pak leta ki pi ansyen nan nasyon an, e li atire plis pase 9 milyon vizitè chak ane.

###